# Романдағы басқа образлардын жасалыўы

Навоий Давлат педагогика институти Ўзбек тили ва адабиёти факултетининг
Қорақалпоқ тили ва адабиёти йўналишининг
катта ўқитувчиси
**Марат Шамуратов**

**Калит сўзлар**: персонаж, Айдос бий, портрет, Ерназар алакоз, ожет, Бектемир, Қайыр, Ҳабий саўдагер, Омирбек лаққы, Юсупбай ақсакал.

**Аннотация:** «Ағабий» романы-дилогиясы көп бағдарлы сюжетке ийе. Жазыўшы тийкарғы кахарманлардын ҳәм персонажлардын портретлерин жасаған. Бул образлар романның көркем шығарма сыпатында пүтинлигин, дәўир колоритин бериўге хызмет етеди.

**Ключевые слова:** персонаж, Айдос би, портрет, Ерназар Алакоз, настырный, Бектемир, Каир, купец Хабий, острослов Умирбек, староста Юсупбай.

**Аннотация:** Произведение К.Каримова «Агабий» имеет многогранный сюжет. Писатель в романе мастерски описывает портрет главных героев и персонажей. Эти образы в романе придают стержень и красоту сюжета, также служат картиной передачи временного колорита.

«Ағабий» романы-дилогиясы көп бағдарлы сюжетке ийе, қарақалпақ халқының дерлик бир әсирлик тарийхын қамтыйтуғын эпикалық шығарма болғанлықтан да онда қатнасыўшы персонажлардың саны да көп. Биз бул персонажлардың образына баҳа бериўден алдын «персонаж» терминине итибар қаратсақ: «Персонаж – көркем образдың түри, ҳәрекет субъекти. Әдебий персонаж – шығармада конструктив хызметти алып жүриўши, қыялды өз алдына ҳәм жанландырып көз алдыңа келтириўши ҳәм ҳәрекетте көринетуғын (бул адамлар, ҳайўанлар, өсимликлер, тәбият көриниси, үскене, фантастикалық жаратылыс, түсиник болыўы мүмкин).»[1]

Романда биз жоқарыда көрип өткен Қулшы бий, Ережеп бий образларынан тысқары персонаж сыпатында қатнасатуғын Бектемир, Тағаберген, Қайыр, Айдос бий, Ерназар Алакөз образлары дыққатты тартады. Ең итибарлы таманы – Айдос бий, Ерназар Алакөз образлары басқа көркем шығармаларда да жаратылған. Бирақ бул образлар (сондай-ақ Бегис, Мыржық образлары да) «Ағабий» романында жасалған

[1] Мурзак И.И. в книге Введение в литературоведение, Москва, «Юрайт», 2016, 284-285-бетлер

сәйкес образлардан түпкиликли дәрежеде парық қылады. Демек, бул образларды жаратыў бойынша автор өзиниң концепциясына ийе. Бул образлар ҳаққында профессор Қ.Жәримбетовтың пикирлерин келтирип өтейик: «Роман авторы Бегис пенен Айдостың аразлығын, Бегистиң өлимин тарийхый-сиясий шараятлар фонында сүўретлемей, Айдосты ақлаў ушын субъектив сүўретлеўлерге көбирек орын береди. Мениңше, Айдостың тарийхый хызметин, сиясий ғайраткер сыпатында уллылығын өлшеў ушын пытыраңқылық жағдайында жүрген қарақалпақларды бир жерге жәмлеп, халықлық атын сақлап қалыўға себепши болыўының өзи жеткиликли.»[2]

Романда Айдос образын жаратыўға айрықша әҳмийет берилген. Бул образды жаратыўда жазыўшының өз концепциясы бар. Биз ол ҳаққында жоқарыда айтып өттик. Айдостың портрети авторлық баянлаў менен де, Қулшы бийдиң тилинен де сызылады. Бул жазыўшының индивидуал стили есапланады. «Көркем шығармада портрет – ҳақыйқатлықты аңлаўдың арнаўлы формасы ҳәм жазыўшының индивидуал стилине байланыслы қаҳарман образының сыртқы көриниси арқалы оның өзиншелиги, ишки мазмунын, қәлбин сүўретлеўши қураллардан бири.»[3] Демек, қаҳарман образын ашып бериўде портреттиң әҳмийети үлкен екенин көриўге болады.

Айдосты тарийхый ҳәм инсаныйлық тәреплерин биротала ақлап, уллы тарийхый шахс сыпатында идеалластырыў сыяқлы субъективлик нийетлеринен шыға алған, солай етип Айдостың тарийхый ҳәм сиясий келбетин бере алған.»[4]

Автор Айдостың кийимине итибар қаратады. Бул дурыс, себеби, алыстан қараған адамға биринши көзге тасланатуғын нәрсе – нәзер таслаған адамның кийген кийими, егер атлы болса, оның атта қалай отырғаны. Жуқа ҳәм жеңил шолақ шекпенди кийиўи, басына селкилдек шөгирме кийиўи, оннан қала берсе атта нық отырыўы Айдостың

---

[2] Жәримбетов Қ., Лирикадан романға (К.Каримовтың «Ағабий» романы ҳаққында гейпара ойлар), «Әмиўдәрья» журн., 2015, 3-сан, 93 бет
[3] Дмитриевский Л.Н. Пейзаж и портрет, проблема определения и литературного анализа (пейзаж и портрет в творчестве З.Н.Гиппиус), Монография, Москва, 2005, 90-бет
[4] Сонда, 94-бет

саўлатлы адам екенин көрсетип тур. Қарақалпақтын бас бийи усылай сүўретленилмесе ол исенимсиз де болар еди.

«Орта бойлыдан бийигирек, аяқ қолы жуўан, мығым денеси оның зор күш-қарыўдың ийеси екенинен дәрек берер еди. Улкен басы, кең маңлайы ақыллылықтың белгиси, қалың қаслар жаўып турған, тикке қарағанда оңмениңнен өтип кететуғын, тереңде жайласқан қара көзлер батырлықтың, ҳеш нәрседен қорықыўды билмейтуғын ержүрек тәўекелшиликтиң нышаны шығар? Шоқ сақаллы, қызыл шырайлы жүзине қыр мурыны жарасықлы, жуўан мойны бөз көйлектиң дөңгелек жағасына зорға сыйып турғандай көринди.

«Мойны жуўан, жаўырыны тутас бул адам өжет, айтқанынан қайтпайтуғын, көзлери қорқынышлы, өз мақсетлерине ерисиў жолында ҳеш нәрседен тартынып отырмайтуғын бул адамнан аўлағырақ жүрген мақул», деп ойлады Қулшы бий.» (232-бет)

Жазыўшы романның көпшилик орынларында еки персонажды қатара қойып, олардың портретин жаратады. Бирақ жазыўшы негедур персонажлардың бойына итибар қаратады. Төмендеги мысалда да буны көриўимиз мүмкин: «Узын бойлы, қайың денели, жасы қырықтан асқан, сақал-шашына ақ араласса да қыймылы жеңил Жарқынбай менен узын бойлы, оның үстине темиршилерге мегзеген ири денели, жигирмадан енди өтип жүрген жас жигиттиң қушақласып көрискени көпшиликтиң кеўлин елжиретти.» (341-бет) Бунда айырым персонажларға авторлық симпатия анық билинип турады. Персонажлардың бойын узын, денесин қарыўлы етип көрсетиў арқалы жазыўшының бул образларға деген симпатиясы көринип қалады.

Қаҳарманларды бир-бирине салыстырып сүўретлеў ушын оларды қатара турғызып көрсетиў басқа эпизодларда да ушырасады: «Ережептиң көкирек аўзына келгендей ғана қысқа бойлы, бирақ толық денеси менен шекпен сыртынан билинип, ойнап туратуғын булшық етлери оның күш ийеси екенлигинен, ал қысқа ҳәм жуўан мойны менен гүжирейген желкеси айтқанынан қайтпайтуғын өжетлигинен, қырғый қабақ астындағы от шашқан көк көзлери менен жалпақ жүзиниң сусты жүреги үлкен, ҳеш нәрседен тайынбайтуғын батырлығынан дәрек беретуғын бул адам Буйдалы бойын жайлаған қыпшақлардың бийи Сарымсақ бийдиң улы Сырым бий еди.» (397-398-бетлер) Бул жерде Ережеп бий менен Сырым бийдиң портретлерин бир-бирине салыстырыў арқалы жазыўшы олардың образын ашып бере алған.

Ал тарийхый тулға – Ерназар Алакөз портретиниң жасалыўы исенимли шыққан: «Адамлар қоршап турған курдың ортасына төселген шапанының үстинде жағасына ийленген териден таспа тигилген, жеңсиз келте шекпен кийип, белине енли камар байлаған, ири денели адам малдас қурынып отырар, шашы тықырлап алынған басына тақыя киймеген, жалаңбас, гүжирейген желкесине қуйып қойғандай қысқа мойны менен тоқпақтай дуғыжым билеклери оның құдиретли күш ийеси екенлигинен дәрек берип турар еди.» (432-бет) Бирақ романда қаҳарманлардың қарыўлы, батыр екенин көрсетиў ушын бирдей сүўретлеў формасынан пайдаланылғанын да көриў мүмкин. Мәселен, «аяқ қолы жуўан, мығым денеси оның зор күш-қарыўдың ийеси екенинен дәрек берер еди» (Айдостың портрети), «толық денеси менен шекпен сыртынан билинип, ойнап туратуғын булшық етлери оның күш ийеси екенлигинен» (Сырым бийдиң портрети), «гүжирейген желкесине қуйып қойғандай қысқа мойны менен тоқпақтай дуғыжым билеклери оның құдиретли күш ийеси екенлигинен дәрек берип турар еди» (Ерназар Алакөздиң портрети). Бундай қайталаўлар бир қаҳарманның портрети менен екинши персонаждың портретин бир-бирине оғада уқсас етип қояды. Буларды жазыўшының портрет поэтикасын ийелеўдеги кемшиликлери сыпатында баҳалаўға болады.

Романда тийкарғы образлар – Қулшы бий ҳәм Ережеп бийден тысқары образлардан Бектемир ҳәм Қайыр образларына көп орын берилген. Бул еки образға да байланыслы ўақыялар романның тийкарғы сюжетинен бөлинген ҳалда раўажланады. . Деген менен, Бектемир образы да, Қайыр образы да романда муқым орын тутады, оларсыз эпикалық ўақыялар дизбеги, автордың қарақалпақлардың X1X әсир қарақалпақлардың өмирин жарытып бериў идеясы пүтин болмай қалар еди.

Сырым бийге байланыслы ўақыялар да романда кең орын алған. Ол көпшилик орынларда Ережептиң көзқарасларына қарсы шығатуғын, оның менен мәртебе жарыстыратуғын персонаж. Демек, бул образ қаҳарманлар арасындағы конфликтти тәмийнлеўге де хызмет етеди. Орынбай бий образы ақыллы, сабырлы бий сыпатында сүўретленсе, Ҳәбий саўдагер, Юсупбай ақсақал образлары да сол дәўирге тийисли ҳақыйқатлықты, қала өмирин ашып бериўге хызмет ислейди. Рысназар бий, оның баласы Турым бийлердиң образлары да дәўир колоритин бериўге қаратылған. Төремурат суфий де тарийхый образ. Оның Қоңырат ханлығын дүзиў бойынша ҳәрекетлери автор тәрепинен мақулланбайды.

Романда Өмирбек лаққы образын жаратыўға да көп орын бериледи. Бунда автор Өмирбек ҳаққында халық аўзында сақланып қалған анекдотлардан, ҳәр қыйлы ҳәдийсе-ўақыялардан шебер пайдаланған. Өмирбектиң Ережеп бий менен болған диалоглары, оны сөзден жеңип ямаса жеңилип қалыўлары – булар тек Өмирбек образын жаратыўға қаратылған емес, ал Ережеп бий образын да толықтырады. Өмирбектиң кейинги тәғдири туўралы да эпилог бөлиминде келтирип өтиледи.

Жуўмақластырып айтқанда К.Каримовтың «Ағабий» романында бир қанша образлар топары сүўретленген, олар эпикалық сюжетлердиң пүтинлигин, автордың бас идеясы – Х1Х әсир қарақалпақ халқының пүтин халық сыпатында өзлигин сақлап қалыў, ҳәр қыйлы сиясий гүреслер жәрдеминде азатлыққа ерисиў идеясын жарытып бериўге хызмет етеди.